



Kisa mwen ka fè pou sipòte pitit mwen ?

Reyakson ou bay yon timoun, lè li fè ou konnen li viktим yon abi, kapab fè yon gwo diferans nan kapasite timoun lan pou soti anba chòk la.

- Kenbe kalm ou. Si timoun lan santi ou kontrarye, sa kapab fè li kwè li fè yon bagay ki pa kòrèk, oubyen li ka gen pwooblèm avèk emosyon li fè ou santi.
- Kite timoun lan pale ba ou, lè li pare ak lè li kapab. Pa fose timoun lan ba ou plis detay pase sa li pare pou di ou. Timoun pa toujou di tout bagay yon sèl kou.
- Montre ou pare lè timoun lan vle pale, kit se lè manje, oswa lè pou ale nan kabann, pandan lè lekòl, oswa pandan lòt aktivite.
- Kenbe woutin yo menm jan, toutotan sa posib.
- Chèche pa pale sou bagay tris ki rive devan timoun lan.

Di timoun lan :

- Ou kontan li pale avèk yon moun sou abi ki rive a.
- Sa mande anpil kouraj, pou li pale.
- Ou enterese nan sa ki rive li, epi ou pral chèche ede li.
- Abi ki rive a, se pa te fòt li.

Timoun lan kapab soti anba twomatis ki se abi seksyèl la, epi wòl ou enpòtan anpil.

The Children's Advocacy Center of Suffolk County bay sipò pou timoun ak fanmi ki viktim vyolans ak abi.

Nou ofri fòmayon pou rekonnèt ak reyaji lè yon timoun viktim abi ak es-plwatasyon. Pou plis enfòmasyon, ale nan pòtay entènèt nou an.



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

989 Commonwealth Avenue | Boston, MA 02215

www.suffolkcac.org

Pwojè a te resevwa sipò nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Viktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Viktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistik la, nan Depatman Jistis Etazini.



POU SIPÒTE PITIT OU APRE YON ABI SEKSYÈL



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

Gerizon Kòmanse Isit la

Kisa abi seksyèl sou timoun ye ?

Abi seksyèl sou timoun se yon zak ki fòse oubyen ki konvenk yon timoun pou li patisipe nak yon aktivite seksyèl. Tout aktivite seksyèl ant moun majè avèk timoun, oswa ant jenn moun ki pi gran oubyen pi avanse nan devlopman yo avèk lòt timoun, se yon abi epi sa pa janm konsidere kòm volontè.

Nan pamí abi seksyèl yo, kapab genyen, san se pa sa sèlman :

- Kontak fizik dirèk
- Montre yon timoun pati entim ou
- Kontak seksyèl fòse ant timoun
- Fòse yon timoun gade pònografi
- Pran foto oswa fè vidyeo ki pa dwe fèt
- Fòse timoun pran foto oswa fè vidyeo pou tèt yo

Pou kisa anpil fwa timoun yo konn pran reta pou yo di yon moun ?

Timoun yo kapab pa di paske yo :

- Pè sa ki pral rive yo menm oubyen fanmi yo
- Kapab pa konprann lòt moun lan depase limit avèk yo
- Pa konnen kisa pou yo di w, lè gen yon move bagay konsa
- Pa kwè yo gen yon moun yo ka fè konfyans pou yo pale
- Nan konfizyon paske agresè a se yon moun yo konnen oubyen yo fè konfyans
- Te resevwa yon rekonzans, oswa yon mennas, oubyen yo te di yo kenbe pawòl la sekèr
- Te aprann pou yo toujou obeyi moun majè
- Konprann abi a rive paske se fòt yo

Ki konsekans abi seksyèl la kapab genyen sou timoun lan ?

Lè yon timoun te viktim abi, li kapab montre tout yon tralye siy ak sentonnem emosyonnel, oswa fizik, oswa nan jan li aji.

Timoun lan kapab santi :

- Angwas oswa detrès
- Kochma oswa difikilte pou dòmi
- Li izole oubyen l ap « dekonnekte »
- Li fè tèt li repwòch
- Li wont
- Apeti li ap chanje
- Li pantan fasil lè li tande yon bwi, oswa si yon moun manyen li san atann
- Difikilte nan fè moun konfyans ak / oswa li genyen santiman yo trayi li
- Chanjman oswa egzajerasyon nan emosyon ak nan konpòtman li
- Doulè ak lakranp k ap ale tounen (vant fè mal, tèt fè mal) san pa gen yon rezon medikal pou sa
- Mwens enterè nan aktivite li te konn renmen
- Evite tout bagay ak tout moun ki asosye avèk abi a
- Difikilte konsantrasyon
- Plis pawòl ak / oubyen plis konpòtman ki anrapò avèk kesyon sèks



Ki resous ki genyen pou moun ka jwenn ?

Anpil timoun konn jwenn konseye espesyalize pou travay sou konsekans twomatis yo. Pifò terapis ki travay ak timoun yo travay tou avèk moun k ap okipe timoun yo. Epitou, anpil moun k ap okipe timoun konn wè sa ede, lè yo genyen pwòp konseye oswa terapis yo k ap okipe yo.

Pou fè swen pou tèt ou

Lè yo dekouvri yon abi seksyèl, sa konn fè fanmi yo lapenn oubyen chaje tèt yo. Pwoesis sa a konn fè yon moun sonje move bagay oswa move emosyon li te genyen nan pwòp pase li. Li pral pi fasil pou ou sipòtè pitit / fanmi ou, si ou fè swen pou tèt ou tou.

- Gade nan fanmi w oswa nan pamí zanmi w, pou wè ki moun ki kapab ba ou sipò san fè jijman sou ou.
- Kenbe pwòp woutin ou yo.
- Manje byen, fè egzèsis, epi dòmi ase.
- Konprann byen ou kapab bezwen sipò yon pwofesyonnèl.

Nan CAC, manm nan ekip miltidisiplinè a kapab bay enfòmasyon pou referans.